UYA, UNDITEVERE

Zvakanaka, kwete, ndeapo Becky akanga asati azvarwa. Zvino saka nda—ndakafunga, "Saka, munoziva . . ." Ndai—ndaingodya ndiro yebota remapfunde, yaiita iyo shereni. Zvakanaka, ndaingo . . . Vaindipa tikiti rangu, ndobva ndangorisaina, munoona, zvino ndairibhadhara, ndoridzorera, ndovapa, nokuti ndaiva nehurongwa hwekutora chikwereti.

2 Zvino rimwe zuva pataiva ne—nemusangano wevanopatirora. "Ini zvangu," vakati, "ndiyani mupengo uyu akaunza zvinhu zvakadai?" Maona? Mu—mukuru-mukuru, munoziva, "Masenzi gumi ekudya kwemangwanani?" Saka zvairatidzika sezvakanyanya kuchipa kune mamwe machinda aya, munoziva. Vamwe vavo vairatidza kuti vakashandisa dhora, munoona; madhora maviri ekudya kwemanheru. Zvino ini ndakangoratidza chaizvo sezvazvaive.

3 Saka, ndakati, "Zvakanaka, zvino, hapana chikonzero chekuti ini ndiratidze zvandashandisa. Ko ndodini kana ndangodya, masenzi gumi?"

4 VaFields, vaiva muteveri wasuperintendant, vakati, "Billy, chingoratidza dhora, zvakadaro, zvisinei." Ndokuti, "Ndizvo zviri kuitwa nevamwe vose." Ndokuti, "Unofanira kuitawo zvakadaro zvimwe chete."

5 "Zvakanaka," ndikati, "Hapana chimwe chandi—ndinongodya kunze kwendiro yemapfunde, zvino ndiyo yandinobhadharisa."

Ndokuti, "O, kwete, usafe wakazviita."

6 Saka, zvino ndakafunga, "Ndichaita sei nayo?" Zvino ndakabhadharisa masenzi makumi mashanu pakudya kwamangwanani. Zvino ndaitora masenzi makumi mana ayo, kana pane chandainge ndichida kutenga, ndoipa kune vamwe vana vaive munzira; vamwe vana, munoziva, vairatidzika sokunge vaida kasangweji, sangwejiwo, zvakare. Saka, ndakafunga pamwe ndinogona kunge . . . Apa, yakanga iri kambani, pachezvayo, yakanga iri kutaura neni saizvozvo. Akanga ari mumwe murume wemukambani.

Saka, ndakafunga, "Zvichida pane zvandakakanganisa."

7 Saka pano nguva shoma yapfuura, nemurume anopatirora . . . Zvino vave kupatirora nemahelicopter, munoona. Saka akauya ipapo ndokumira. Akati, "Nhandi, Hama Branham," ndokuti, "muti uyu uri kukura."

Ini ndokuti, "Hongu." Ndikati, "Vana vanotambira pasi pawo ipapo."

Iye ndokuti, "Ko tingaudimurire kumusoro here?"

Ndikati, “Hongu, asi musazoutemera pasi. Maona?”

Iye ndokuti, “Zvino, tiri kuda kuutema. Tinozokubhadharai.”

8 Ndikati, “Kwete. Kwete. Handidi kuti muuteme.” Zvakanaka, ndinoziva mitemo yekodzero dzemafambiro, zvakare, munoziva, nokuti ndakanga ndiri ipapo kwemakore manomwe. Ndakati, “Kwete.” Ndokuti, “Handidi kuti utemwe, asi munogona kuudimurira kumusoro.” Ndikati, “Ndi—ndinouchengeta wakadimurirwa kumusoro, asi,” ndokuti, “munokwanisa. Munokwanisa kuudimurira kumusoro kana muchida.” Ndokuti, “Ini, Hama Wood neni, tiri kugadzirira kuudimurira. Tinodimurira mimwe yose iyi iri necheapa.” Zvino ndakati, “Tinoda kuchengeta uyo uri apo kuitira vana, Joe nevamwe, munoziva, vana vadiki vanotambira pasi pemuti iwoyo.”

9 Ndakaenda parwendo. Zvino pandakadzoka, wakanga wachekwa wose nesaha wabviswa. O, ingadai yakava mhosva yakakura kwazvo kukambani, munoona, nokuda kwekucheka muti uyu, munoona. Zvino ndakafunga, “Iye zvino,” ndikati, “Ishe, handisi kana kuzombozvitaura.” Maona? “Zvisinei kana paine izvo ini—izvo ini, pane zviya, dzimwe nguva ndichiunza, mushure mokungodya zveshereni chete, zvino ndoti ndakashandisa ‘masenzi makumi mashanu.’” Maona? Ndakati, “Kana paine chiripo pane izvozvo, chiregai izvi zvichizvigadzirisa, munoona, zva—zvanda—zvandakaunza, munoona. Zvandaka . . .” Zvino ndakabva ndamira zvekurota ndiri kuPublic Service Company ipapo, munoona, nokuti chakanga chiri chimwe chinhu chakanga chirimo shure uko.

Tinofanira kungwarira zvatinoita. Tichatosangana nazvo chete nerimwe ramazuva.

10 Vana, vachiuya kuno. Amai vako vanga variko, pamwe nhasi, Trudy. Ndinofungidzira kuti hauna, hauna kuzviziva. Izvi zvinoita sekushamisa, ndiri kuona kudaro. Iwe wave kugadzirira kugirajuweta. Zvino tauya parwendo urwu rwekuno pamwe chete. Ndichaenda mune mumwe musangano zvino, tichingopedza musangano uno. Zvino tichabva taenda kumba.

11 Ndafunga kuti ungava mukana wakanaka wokutaura nemi mose, uyezve zvakare ndafunga kuti zvingaitewo zvakanaka kutaura kuvana zvishoma musati magirajuweta. Ndoverenga ndima kubva muBhaibheri, ndogotaura nemi kubva mumoyo mangu, kwemaminitsi anenge gumi. Ndichazobva pamuri chinyararire. Maona?

12 Ndisati ndataura nevana, ndiri kungoda kutaura nevakuru kweminiti, zvakare, imi mose. Rwave zvino, pamwe, zvichida rwendo rwunonetesa, rwanga rwakadaro. Asi chiitiko chandakadzidza kubva kuna Mwari, handingambotori zviuru gumi zvemadhora kutsivanisa nezvandakadzidza kubva

kunaShe nguva yose yandakanga ndiri kuno. Ndinotenda zvemazvirokwazvo kuti ndauya muhuzaro hwekuteerera murairo waSamasimba, uye ndi—ndine tariro yekuti ndicharamba ndakadaro. Uye pane . . .

13 Pandakauya, chimwe chinhu, kwaive nokuda kwechiratidzo, chokuti ndakanga ndimire kumusoro kweTucson kumusoro kuno pakava neku—ku—kuputika. Zvakanaka, Hama Fred vakanga varipo pakwakaputika. Uye vakatora mufananidzo uya zvino, munoziva, muchadenga. Uye handina kufunga zvikuru nezvazvo, handina kumbozvicherechedza. Saka zvakatanga kundijekera neimwe nzira, rimwe zuva. Uye Hama Norman, baba vaNorma vari pano, vakandiudza, vachiti, "Makambocherechedza here izvi?"

14 Zvino pandakangotarisa, ipapo pakange paine Ngirozi dziya Dzichinyatsooneka zviri pachena, dziri imomo mumufananidzo iwoyo. Maona? Ndakatarisa kuti ndione kuti zvakaitika zvarinhi, uye yaive nguva, imwe chete, kuda zuva rimwe kana maviri, kana kuti zuva rimwe kana maviri mushure mokunge ndange ndiriko. Ndakatarisa kwazvaiva. "Kuchamhembe kwakadziva kumabvazuva kweFlagstaff, kana Prescott, iri zasi kweFlagstaff." Saka, ndipo chaipo pataive, munoona, ipapo chaipo.

15 "Mamaera makumi maviri nematanhatu kuenda mudenga." Zvino, hunyoro hwemvura haudariki—dariki mana, mamaera mana kuenda mudenga, kana mashanu, hunyoro, mhando yose yemhute kanawo zvimwe, munoona. Ndege dzinobhururuka dziri pazviuru gumi nepfumbamwe. Ndokuti uende pamusoro pemakore ose, munoona. Uye zviuru gumi nepfumbamwe zvakada kuita semamaera mana kuenda mudenga. Iri riri mamaera makumi maviri nematanhatu kuenda mudenga, uye rakapamhama mamaera makumi matatu, riine chimiro chepiramidhi, kana makambotarisa mufananidzo wacho.

16 Uye nechekurudyi, sokukutaurirai kwandakaita, ndakacherechedza, zvinonyatsoonekera, Ngirozi iya. Heunoi Uyo, dundundu rakabuda kunze, mapapiro ari kumashure, ichinyatsouya, chaizvo sezvazvaive. Handina kuzvicherechedza paVakatanga . . . Pava nezvinhu zvakawanda kwazvo.

17 Pandakanga ndiri kuuya ndichidzika nemugwagwa nerimwe zuva, pane chimwe chinhu chakaitika chakataura neni maererano nechinhu cha—chandinofanira kuita. Uye ha—harisi shoko rangu.

18 Pane imwe nguva, Leo Mercier akataura, akati, "Hama Branham, nguva ichasvika mushure meizvi," ndokuti . . . kuda makore mashanu kana matanhatu apfuura, zvichida manomwe, ndokuti, "Ishe vachashandura shumiro yenyu, Hama Branham." Uye ndokuti, "PaAchazviita, zvichida muchange mave kungoisa zvipatara mumutsara, zvino motaura kuti vabve

pami—mibhedha nezvimwe." Hazvina kuita manzwiro kwawo, kunyangwe ndichitenda kuti Hama Leo vakanga vari kuedza kuve vakaperera pazviri.

19 Asi hazvina kunyatsonzwika zvakanaka, nokuti, munoona, Ishe vedu Jesu havana kumbozviita. Maona? Uye Vakaenda muzvipatara. Paiva nemumwe chete muchipatara ichocho. Munorangarira here pazvaive muBhaibheri? Chidziva cheBethesda. Boka guru revanhu vakaremara vaive vavete ipapo, vakakuvara mitezo, vakaremara, mapofu, vakaoma mitezo, vakamirira Ngirozi. Zvino, makanga muri muchipatara chemweya apo vanhu vakanga vakamirira kupodza kwaMwari. Zvino heunoi pano Mwari Mupodzi pachaKe akapinda ndokupodza mumwe chete ndokubuda. Nokudaro haungatarisire munhu anofa, kana imwe shumiro kuti iuye, inenge iri huru zvinodarika zvakanga zvakaita iyoyi. Maona? Handaiwirirana nayo.

20 Asi pandakatanga kutendeuka, Mweya Mutsvene wakauya pandiri. Ndakakumbira Leo chinyoreso. Ndakatora chidimbu chebepa, ndokuzvinyora. Zviri mutirera yavo nhasi, kana muchinge muri kwairi. Ndeiya tirera yealuminum umo mandaive nezvinhu zvekusimudzisa. Paunongopinda nepamukova, pane sherufu kudivi rekurudyi, chaipo pamberi petirera. Ririmo pasi imomo. Ndakariisa imomo. Ndokuti, "Rimwe zuva unogona kuzorivhomora. 'Mwari haasi kuzoshandura shumiro, asi Achashandura munhu ane shumiro.'" Ndizvo zvichazoitwa.

21 Munoona, ndi—ndinoziva zvandinofanira kuita, asi handi—ndi—ndikwanisi, handikwanisi kuzviita muchinhano chandiri machiri iye zvino. Nokuti, ndinofanira ku. . .Pane chimwe chinhu chinofanira kuitika mandiri, zvichatotora Mwari kuzviita.

22 Tiri kutarisira kudzokera kumba. Vana vave nechishuwo chokunge vari kumba, vose vave kuda kudzokera. Saka ndiri kufunga zvokudzokera navo, Ishe vachitendera, pamwe mushure meshumiro neMugovera, todzokera. Kubva ikoko, handizivi. Asi ndinoziva kuti panongoitika chimwe chinhu chiya mandiri, kundiita kuti ndive nekunzwira vanhu, zvakasiyana nezvandiri kuita iye zvino. Ndakanga ndaramwa va—vanhu, munoona, uye nda—ndakanga ndisisade kuwanazve chimwe chinhu chokuita navo. Munoziva zvandinoreva, vandinoti "riki, riketa," vaiva nezvinhu zvavainge vaita. Ndakaparidza nokuperera kwangu kwese, uye Mwari vakazvisimbisa nenzira dzose. "Zvino kana vasingadi kuZvitenda, ko, vasiyei vakadaro."

23 Ndakanga ndiri kuenda kumusoro uko, kunobatana naBud mumatsutso ari kuuya, totanga basa ikoko. Ndomirira ndiri murenje, ndorega vhudzi nendebvu dzangu zvichikura. Zvino kana Ishe paine kwavanenge vachida kuti ndiende,

Vanonditumira shoko, zvino ini ndinobva ndadzikako kunozviita.

24 Zvino munzira, pandainge ndiri kuuya nerimwe zuva, Vakandimisa. Zvino ndakaona apo . . . zvandaizova. Nda—ndave munzira yangu kune zvimwe zvakasiyana zvino. Zvino ndakafunga, kana ndasvika kumba, ndichada kuita kuya kwatinoti nhaurirano yepamoyo, zvichida ndozviisa patepi, uyezve zvino kuitira kuti voruzhinji vagoona kuti sei paine shanduko nokukasika.

25 Zvino, imi vana, ngatingo . . . Ngativei nomunamato muduku.

26 Ishe Jesu, tinotenda nokuda kwenguva ino, kuziva kuti takaungana pano, vaduku nevakuru, nevemazera epakati. Uye taungana, divi rino reZiendanakuenda, kamwezve kuti titaure nezveNyu uye nepamusoro pezvinhu zvine chekuita neHupenyu husingaperi.

27 Uye vadiki ava vagere muno manheru ano, vamwe vavo vari kugirajuweta, vamwe vakatogirajuweta. Asi ndinocherechedza, Ishe, chimwe chinhu chakaitika maawa mashoma pasati pava nekuzunguzwa kukuru kuya, kana kuti kuputika kukuru, kwakaitika mugomo pamusoro paye, kuchamhembe kweTucson, apo Ngirozi dzaMwari padzakadzika pasi. Ndinorangarira zvakataurwa, uye—uye kunyanya pamusoro pevanhu vechidiki. NdinoKukumbirai, Ishe, kuti mutibatsire kunzwisisa. Uye dai ndakwanisa kutaura chimwe chinhu kuvaduku ava, manheru ano, chichavabatsira parwendo. Nokuti, Ishe, tose tinoda betsero iyoyi panguva ino.

28 Tiropafadzei pamwe chete. Regererai zvivi zvedu. Uye kana paine chataita kubvira tanga tiri pano, zvisina kuKufadzai, tinokumbira kuti Mutiregererewo nokuda kwazvo. Nokuti tinocherechedza, nhasi, kuti ha—hatina chokwadi neramangwana. Hatizivi kuti mangwana anotiunzirei. Tinofanira kunge takagadzirira nhasi kuti tigosangana namangwana. Uye, Mwari Baba, pane nzira imwe chete yoga yatinoziva yokuzviita, ndiko, kugadzirira kuKuonai, nokuti gare-gare tinocherechedza kuti tose tichazozviita. Uye tinofanira kusangana nazvo pane imwe nguva, pamwe murugare, seshamwari kana mwana, kana semhandu. Zvisaitike, Ishe, kuti tigova chimwe chinhu kunze kwekuva vana veNyu Voga vanodikanwa. Zviiteiwo zvinhu izvi zvatakumbira, nemuZita raJesu. Ameni.

29 Nhasi, pandanga ndichitema-tema masora, nhasi kuseni-seni, ndawana nzvimbo muBhaibheri, yandafunga kuti ingaita chinhu chakanaka kuverenga panguva ino. Uye yaka . . . inogona kuita sekunge isina kunyatsofanira, asi ndafunga kwe . . . kwe—kwemaminitsi mashoma, okutaura. Ndinoda kuzviverenga

kubva muchitsauko 18 chaMutsvene Ruka. Vose vanyori vana veEvhangeri vakanyora nezvazvo. Chitsauko 18 uye ndima 18.

> *Zvino mumwe* mutongi *akamubvunza, akati, Mudzidzisi Wakanaka, ndingaiteiko kuti ndigare nhaka youpenyu usingaperi?*
>
> Zvino *Jesu akati kwaari, Unondiidzireiko wakanaka? hakuna wakanaka, asi mumwe chete,* anova *iye, Mwari.*
>
> *Mirairo unoiziva inoti, Usaita upombwe, Usauraya, Usaba, Usapupura nhema, Kudza baba vako . . . namai.*
>
> Zvino . . . *akati, Izvi zvose* ndakazviita, nekuzvichengeta *kubva pauduku hwangu.*
>
> *Zvino Jesu achizvinzwa, akati kwaari, Unoshaiwa chinhu chimwe chete: tengesa zvose* . . . unazvo, *upe varombo,* . . . uchava nepfuma *kudenga:* . . . *uya, unditevere.*

30 Ndinofunga, shoko rokuti, *Uya, UNditevere*, ndiyo ingava rairo yakanakisisa yandingapa dai ndainge ndiri kutaura kuzviuru gumi zvevana, kana dai ndaive ndiri kutaura kune vari pano. Irairo, uye chinhu chikurusa pakufunga kwangu chakambopiwa kuna ani zvake, uye kunyanya kumunhu wechidiki, "Nditevere."

31 Uchange uchitevera mumwe munhu. Zvino, chingo . . . Uzvirangarire izvozvo. Uchatevera mumwe munhu. Zvino nzira yaunotevera nayo munhu wacho, iva nechokwadi kuti, ari kuteverawo ani. Maona? Isu . . .

32 Pauro pane imwe nguva akati, "Ivai vateveri vangu sezvandiri waKristu." Nemamwe mashoko, "Sokungotevera kwandinoita Kristu, imi nditeverei."

33 Uye zvino, pashanduko ino, rino—rino danho reupenyu patinosvika tose. Uye kakawanda makandinzwa ndichidanidzira "riki, riketa," nezvimwewo. Ndiro, ndiro zera racho. Ndiro zera ratiri kurarama mariri. Asi chaizvoka havasi ivo vanhu ava.

34 Vanhu ivava vanhu vakafanana nesu. Vana avo kunze uko netumotokari tunomhanya kwazvo, vachimhanya vachikwira nokudzika nemugwagwa, uye vachiita zvose zvavanenge vachiita, vachiputa fodya nekunwa doro, uye vasikana vakapfeka zvinonyadzisa, nezvimwewo, ivava vasikana nevakomana vakaita sesu. Maona? Vanhu. Vanoda. Vanodya. Vanonwa. Vanokotsira. Vanofema. Vanofanira kuzofa. Vanhuwo sesu. Uye zvakadaro vaka . . .

35 Vakagarwa nemweya wakaipa. Havazvizive. Kwete nokuda kwe—kwevanhu, asi nokuda, dzimwe nguva, mumwe mutungamiri wavanga vachitevera avatungamirira munzira yakatsauka.

36 Zvino, imi vasikana nevakomana munoziva zviri nani kudarika izvozvo. Munoziva. Makadzidziswa zviri nani kudarika izvozvo. Mune vabereki vari nani, kudzidziswa kuri nani pane kuita chinhu chakadaro. Munoziva zviri nani.

37 Asi havazivi, munoona, nokuti machechi avanopinda ndeechimanjemanje, echimanjemanje. Uye va—vanongoraramira zuva iroro, vaine mukurumbira wakawedzerwa. Uye, o, ini zvangu! Chii . . . Hunhu hwave hunaku kwavari. Maona? Saka ivo, izvo . . . Sokutaura kwandakamboita pane imwe nguva, mune mumwe mutambo wandakaona zasi uko, nguva shoma yapfuura, weSodhoma neGomora, kuti uyu mudzimai aive akagarwa nemweya yetsvina akati kuna—kuna Roti, "Zvaunoti maitiro asina hunhu, ndinoti hunaku."

38 Jesu wakati, "Sezvazvaiva mumazuva aNowa, ndizvo zvazvichave pakuuya kweMwanakomana wemunhu." Saka tadzoka panzvimbo iya zvakare.

39 Ngatitarisei muchinda uyu, kwemaminitsi mashoma, wataverenga nezvake. Pasina kupokana mwana uyu akazvarirwa muimba yakanaka, sezvamakaita imi vana. Akakudzwa nevabereki vakanaka. Nokuti, zvakazviratidza, apo Jesu akamuratidza mirairo yaMwari. Akati, "Ndakaichengeta kubva ndichiri jaya." Zvakaratidza kuti aive akadaro, akange akadaro. Akange akudzwa nenzira yakanaka. Akange asingori munhu wenhando. Uye munoziva, iye—iye akanga akudzwa achiziva zvakanaka, sevana vakaita semi. Pamwe akarerwa naamai nababa vaitya Mwari, ku—ku—kumudzidzisa zvakanaka, paaive mwana muduku. Saka, zvakanaka.

40 Zvichida, achiri mwana mucheche, amai vake vaiva netariro huru pamusoro pake yokuti azova munhu mukuru rimwe zuva. Baba vake vaiva nemari yakakwana, yaikwanisa kuti aende kuchikoro uye—uye nokumupa dzidzo yose yaaikwanisa. Aizokwanisa kubuda aine dzidzo yakanaka okwanisa kuvawo chimwe chinhu munyika. Uye nekuperera kwaamai nababa vake, vachidzidzisa mwana uyu, uye pamwe ndokusvika panguva yake yekugirajuweta sezvamaita, munoona, nguva yaakapfuura nemuchikoro akawana dzidzo yake. Pasina kupokana kuti zvichida akanga ari chidadiso nemufaro muupenyu hwa—hwaamai nababa ava. Pasina kupokana, mumazuva iwayo, aiva nemabhiza akanaka, semi mune motokari, uye nababa vakanaka naamai sevamunavo imi mose, vanoona kuti, mune hanzu dzakanaka, ne—nemotokari, uye munogona . . . uye mugonakidzwa neupenyu, chingori chimwe chinhu chakaita sechamunacho nhasi.

41 Uye baba naamai pamwe ne . . . vachinamata nguva dzose kuti—kuti mwanakomana wavo asazoguma angori munhuwo zvake, asi kuti azenge ari munhu akabudirira. Vabereki vose ndizvo zvavanoda. Makanzwa here Jesu achitaura nezvemurairo

uya, “Kudza baba naamai vako,” ndokubva amira? Maona? Zvino ndiyo vavariro yemubereki wose, kuitira vana vavo zvakanaka, zvavanokwanisa, kuvadzidzisa, nokuvapa zvinhu pamwe ivo zvavasina kana kumbowana. Ndiwo manzwiro andinoita nevana vangu.

42 Ndinofunga, dzimwe nguva, mukuenda kuchikoro, zvino; ndinombofunga, ndingatumira here Becky naSarah naJoseph muzvikoro zvikuru izvi nezvimwe, uko kune zvose izvi zviri kuitika? Ndinofunga kuti ndichavatora ndoenda navo mugomo, zvino—zvino ndovakudza ikoko ne. . . semararamiro anoita maIndia.

43 Asi hezvinoi zvazviri. Zviri mumwana zvichabuda. Zvisinei kuti ari kupi, zvinotofanira, zvichabuda. Kana chiri chakaipa chirimo, chinobuda mumusasa wemaIndia. Kana chiri chakanaka chirimo, chinobuda mumusasa upi zvawo. Maona? Ndeicho chiri mumwana, masikirwe emwana, izvo zviri mukati mako. Uye zvauri iko zvino zvichida ndizvo zvauchave upenyu hwako hwose. Uri pachinhano chekushanduka.

44 Munombozivei? Zvikamu makumi masere nenhanhatu kubva muzana yevanotendeukira kuna Jesu Kristu vanozviita vasati vasvika makore makumi maviri nerimwe okuzvarwa. Zvinozviratidza. Umbowo hweongororo yakaitwa unozviratidza. Zvikamu makumi masere nenhanhatu kubva muzana cheavo vanouya kuna Kristu, vanouya vasati vasvika makore makumi maviri nerimwe. Iwe, mushure mekudarika zera irori, unenge wanyatsoumbika kana kuti unenge usisashanduke panzira dzako. O, zvinokwanisika, zvirokwazvo. Vanouya, vane makore makumi manomwe, makumi masere, okuzvarwa, asi kashoma kwazvo. Maona?

45 Unozvigadzirira uchiri mudiki. Unonangisa vavariro dzako kune zvauri kuda kuzoita, nekune izvo zvauri kuda kuita muupenyu. Unofunga nezvazvo. Zvino paunenge uchifunga, saizvozvo, pfungwa yako, zvinoiswa mupfungwa yako nechimwe chinhu chisingazivikanwe icho—icho chinotonga pfungwa yako. Zvino kana zvichinge zvave mupfungwa dzako, unobva wazvitaura, kuti uchazozviita. Zvino vavariro dzako dzinobva dzakuendesa kwazviri.

46 Saka, amai nababa, vachitarisira mujayawo uyu kuti. . . vavariro dzake kuva mukuru-mukuru, vaine mari yakakwana yokuzviita. Uye zvino, pasina kupokana, vakanamata kuti mujaya wechidiki uyu—uyu aizo—aizowana mukana uyu. Munoona, va—vakanga vaita zvose zvavaikwanisa. Iye zvichida aiva nemabhiza akanaka, uye—uye zvichida aiva nemukurumbira kwazvo pakati pemadzimai.

47 Zvinoendeka kumurume, ndizvowo kumudzimai, zvimwezvo kana zvikapesaniswa, munoona, nokuti tiri kutaura hupenyu hwemunhu, munhu wemukati, vose varume nemadzimai.

48 Uyezve, mushure memukana wese uyu wakawanikwa nemukomana uyu, munoona, akaenda pa "mutambarakede," tinodaro, pachinhano chekuti akanga asinganetseke nezvinhu zvakawanda. Vabereki vake vaiva nemari. Iye aiva . . . Akanga ari kwazvo . . . Akava mutongi. Bhaibheri rinotaura nezvazvo pano, zve . . . semutongi muduku, akapfuma. Uye tinoona uyo . . . Ari pazera rechidiki, pamwe munguva yake yekubva zera, achangopedza kuchikoro, achangopedza kugirajuweta, zvichida, masvondo mashoma asati, kanawo zvimwe, akabva ava . . . Mutongi, uye aiva nezvose zvaigona kudiwa nemoyo wake.

49 Zvino mukomana uyu akanga asiri ndururani yechimanjemanje. Mwana akanaka. Ndinotenda, apo Ruka paakanyora nezvazvo, kana Mariko, ndinotenda kuti ndiye, Jesu akamutarisa ndokutura mafemo, nokuti Akamuda. Maona? Pane chimwe chinhu pamwana uyu. Paiva nehunhu wakarurama hwaiva hwakabatirira pamwana uyu. Akabvepi? Akabva mumhuri yakanaka vakanga vakamudzidzisa mirairo yaMwari, uye vachiona kuti aiichengetedza. Uye akatozviita, kubva pahujaya hwake kuenda mberi.

50 Zvino mukomana uyu aiva nevavariro; aida Hupenyu Husingaperi. Akati, "Tenzi Wakarurama, ndodini kuti ndigare nhaka yoHupenyu Husingaperi?"

51 Munoona, pane zvose zvaunazvo munyika, zvakadaro munhu wemukati ari mukati mako anokuudza kuti pane chimwe chinhu chaunoda, icho chausina. Neupfumi hwega . . . Kana kuti, hazvireve nguva dzose kuti hunofanirwa kunge huri upfumi. Unogona kuva, mukurumbira, imwe tsvarakadenga, ane runako rwaanogona kufunga nezvarwo. Zvichida ane mukurumbira kwazvo pachikoro. Pamwe mukomana anogona kuwana musikana wose waanenge achida. Anonzwa sokunge akachengeteka. Haisi chengetedzo. Kuchapera sezvinongoita ruva riri mumunda. Maona? Inopera. Hapana nguva refu. Mukudoka kushoma kwezuva, zvatopera, zvino une munhu wemukati anofanira kugara muna Ziendanakuenda.

52 Zvino mujaya wechidiki uyu aifanirwa kunge aiva nehunhu hwakanaka, nokuti akanozviratidza kuna Ishe Jesu, achiziva akagwadama nebvi rake. Akati, "Tenzi Wakarurama, ndodini kuti ndive neHupenyu Husingaperi?"

53 Iye ndokuti, "Unondiidzirei munhu akanaka," ndokuti, "apo iwe unoziva kuti pane Mumwe oga akanaka, uye ndiMwari?" Maona? Mujaya uyu airevei mukudaro? Kuti Iye aiva Mwari. Maona? Akati, "Iwe unoziva mirairo. Ichengete."

Akati, saka akati, "Mirairo ipi, Tenzi?"

54 Akati, "Mirairo yokuti 'kudza baba naamai vako,' nemimwe yakadaro."

55 Akati, "Izvi ndakazviita, kubvira pahuduku hwangu zvichienda mberi. Munoona, ndakazviita."

56 Akati, "Zvisinei une chimwe chinhu chausina. Enda, tengesa zvaunazvo, ugogovera kune varombo, zvino woNditevera."

57 Mukana wakadini! Aigona kunge ari Petro, Jakobho, kana Johane, mumwe wavo. Munoona, mwana uyu akanga adzidziswa nokukudzwa zvakanaka, ndokuunzwa kuna Kristu, kuti amushandise. Uye zvikwaniso zvose zvaaive nazvo maari, kuti azvishandise, zvichida aive akadzidza, ari mudiki, akapfuma, aine runziro, uko kwaaigona kunge akaunza Evhangeri, uye zvadaro ndokuHuramba. Chinhu chaka—chakaipa zvakadini chakaitwa nemukomana uyu! Maona?

58 "Nditevere." Zvino, onai, aitofanirwa kutevera mumwe munhu. Zvino, aitofanirwa kutevera runziro yevanhu vaaiyanana navo, runziro yemumwe mudzimai wechidiki, imwe runziro yeboka revakomana vaaiwadzana navo, shamwari dzake pachikoro, kana kutevera Jesu Kristu. Mukunaka kwake kwese, zvakadaro aiziva kuti akanga asina Hupenyu Husingaperi.

Vana, ndizvo zvamunofanira kufunga pamusoro pazvo. Maona?

59 Zvino tarirai mukomana uyu manheru ano, zvaaigona kunge akave, uye nezvaari, zvaari manheru ano. Pane kwaari. Akanga ari munhu. Pane kwaari. Akamirira Kutongwa. Akamirira kutarisana neMutongo neZuva iroro, kuramba mukana mumwe chete zviri kuunzwa kwamuri imi vana, potse pasi pemamiriro ezvinhu mamwe chete; vana vakanaka, vane hunhu hwakanaka, vanababa navanaamai vakanaka, vamuinavo, hamusungirwe kushanda kunze kwekunge muchitoda henyu. Maona?

60 Asi pane chimwe chinhuzve chinoenderana nazvo. Pane chimwe chinhu chinoenderana nacho. Shoko iroro, manheru ano, harimbofi. Richiri kungopikisa kumujaya wese, kumhandara yose, "Nditevere." Maona?

61 Mashoko haafi. Pose paunotaura chimwe chinhu, ingorangarira, zvichida ungadai uri mumotokari yako pakavanda, zvichida ungadai uri mupurupiti, zvichida ungadai uri zasi pakona mumugwagwa nemukomana wako kana musikana wako, chero kupi hako, harifi. Ri—rinofanirwa kurarama nokusingaperi.

62 Pandakaona musikana uya wandaka . . . pane umwe usiku muchiratidzo, musikana wechidiki akarurama pachiso, mutambi wemabhaisikopo wekuHollywood, uye ndakamuona achifa, achisveverera, achiedza kuti awane rubatsiro. Akafa nokumira kushanda kwemoyo wake, Muzvare Monroe. Uye zvino ave makore maviri apfuura, ndakamuona achifa. Mazuva maviri akatevera akabva afa.

63 Zvino, umwe usiku, ndakanzwa inzwi remusikana uyu. Sei? Vana vainge vachinditaurira, "Baba, munoenda zasi uko ku River Of No Return, nguva dzose." Ndokuti, "Vane mutambo wakadaro, nhasi manheru." Vakandiudza kuti pane umwe usiku

ndipo pauchange uripo, vhiki rimwe kana maviri nguva yacho isati yakawana. Ndakafunga, "Zvakanaka, ndinoda kuuona, nokuti ndakambenge ndiri zasi kurukova urwu, kaviri kana katatu; kuda kashanu, ndinofunga." Saka, nda—ndaida kuuona.

64 Zvino Muzvari Marilyn Monroe akatamba mutambo wacho. Saka, ndiye musikana wandakaona muchiratidzo. Zvino heunoi uyo, mumufananidzo, nezvaaiita, mutambo wacho waakaita muThe River Of No Return, paakatora mufananidzo uyu, kuda makore gumi nemashanu apfuura. Wakanga uri mufananidzo wakare, kuda makore makumi maviri apfuura. Zvino ave makore maviri kubva paakafa. Zvino heunoi uyo zvakare, ari mupenyu, zvose zvaaiita nemashoko ose. Maona? Richakabatwa mutepi yemagineti kusvikira richiri benyu zvakare.

65 Kwete izvozvo zvega, asi zvose zvatinotaura zvipenyu. Shoko rose ratinotaura harigoni kufa. Mashoko ari kupfuura nemukamuri zvino, zvimiro zvevanhu. Terevhizheni inozvinhonga. Unogona kutaura ipo pano, zvino vokunzwa pasi rose, musekondi imwe cheteyo. Zvokuti musati mazvinzwa mukamuri ino, zvinopoterera pasi rose, nemagetsi.

66 Zvino ziskirini raMwari guru rinozvinhonga izvozvo. Kufamba kwese nechiito chose chaunoita, unofanira kusangana nazvo paKutongwa. Maona? Saka, mujaya, chinhu chakanaka kumira, wofunga pamusoro pezvinhu izvi, munoona, nokuti uchasangana nazvo zvakare. Maona?

67 Ngatirondei mujaya uyu, mukana waakava nawo, zvino ugozviisa panzvimbo yake. Uye musikana, sezvakangoitawo Becky naMarilyn, zvakafanana sezvazvakangoita sewe wakamira panzvimbo yake, uye unokwanisa kunzwa Inzwi riya richiri benyu.

68 Richiri benyu. Richiri kufamba. Sainzi inoti, "Mumakore makumi maviri kubva zvino, vachanhonga Inzwi raKe chairo raAkataura, zviuru zviviri zvemakore akapfuura." Richiri benyu. Sedombo rinodonhera munyanza, saisai racho harimire. Rinoenda kumahombekombe, zviuru zvemamaera, rozodzokazve.

69 Kana inzwi rangotaurwa mumhepo saizvozvo, harife. Hapana chaunogona kutaura paKutongwa. Rinenge riripo ipapo. Pachave neInzwi raJesu Kristu richidana mujaya uya, "Nditevere," naiye achiramba, paskirini, akasuwa, nokuti akanga aine upfumi hwakawanda. Maona? Tinogona kunge tisitombori. . . Kwete nguva dzose kunge zviri mari. Zvinogona kuve zvimwewo zvinhu. Maona? Chero chinhu chatinodisisisa kudarika kudanwa uku, munoona, zvinoita semari kwatiri. Chinozova chimwe chinhu chinotiwodza.

70 Zvino ngatimuteverei zvishoma. Chii chinoitika paanoramba? Haana kuteerera kuInzwi riya raKristu. Akaenda neshamwari dzake.

71 Zvino, imi vana, muri vana vakanaka, uye zvinotoitika kuti munotenge muine shamwari, asi ngwarira kuti imhandoi yeshamwari yauinayo. Kana shamwari iyoyi ichitevera Kristu, enda neshamwari iyoyo. Tevera Kristu, zvakare. Asi kana isingadaro, usazviite.

72 Ngatimutarisei. Tinoona kuti, pamwe akaramba aine shamwari dzake. Akazova mutongi mukuru. Akanga ari mutongi nechekare. Gare-gare, tinomuona abudirira zvikuru kusvikira a—a—akatozovaka mamwe matura kuti aise zvinhu zvake imomo. Zvino akataura ega achiti, mushure mokunge achembera, apo hanyn'a yehujaya nezvimwe zvakanga zvapfuura, zvose zvaakaita, zvichida, kwaive kutandara.

73 Kana mutana kana chembere, seni, mudzimai wangu, anamai venyu nanababa, hapachisina chimwe chinhu chavanofunga nezvacho. Havakwanise, havadi kuenda kunze uye—uye vagomhanya-mhanya vachikwira nokudzika nemugwagwa, munoziva, se—sezvingaitwa nevechidiki, nemadzimai echidiki. Kupfimbana, uye kuti ndiyani achazova mudzimai wako kana murume wako, kana kuti, munoona, havana izvozvo mupfungwa dzavo. Ivo, vane vana, vavane hanyn'a navo. Ndizvo zvamuchazovawo imi mose, pane ramangwana, kana paine ramangwana. Maona?

74 Zvino munoona muchinda uyu, ipapo, aine zvichida . . . Pamwe haana kana kumboroora. Uye, zvakadaro, aive mutongi mukuru. Zvino aive agere . . .

75 Zvino sezvazviri muJerusarema, kunyange, nhasi, vanodyira pamusoro pemba, nguva dzino dzezuva, kana kwave kutonhorera, ave madekwana.

Uye tinoona mumwe munhu anoonekwa pamwe chete naye: mupemhi.

76 Zvino murume uyu, akakudzwa ku—kuremekedza muvakidzani, nokuitira vamwe izvo zvaungade kuti vakuitire. Munoona, nokuramba kwaakaita kudana kwaKristu, pakupedzisira . . . Zvaiita sokunge, mukomana akarerwa muimba yakadaro, izvozvo zvaisafanira kubva maari, asi zvakabva. Zvakabva.

77 Zvino paiva nemurume aive arere pagedhe, zita rake ainzi Razaro, aipemha chokudya kubva kwaari, achishaiwa. Aigona kunge akadya mafufu ainge atsvaira, kwete kumupemhi, asi kuimbwa. Uye aive azere nemaronda. Asi murume uyu akanga akwenenzverwa kwazvo pakati pevanhu, zvino, akanga asisanzwire. Akabatwa nechiveve, nokuti akanga aramba zvaakanga apuwa naKristu.

78 Uye zvichida umwe usiku, nguva dzino, ari pakunwa hwaini dzakanaka, nemadzimai akarurama, ane zvishongo zvinokosha, vakamupoteredza, nezvimwe zvakadaro, aine zvose zvaidiwa nemoyo wake, nokunwa. Mupemhi aive arere pagedhe.

79 Zvino zuva risati rabuda, mangwanani akatevera, aive mugehena, achidanidzira kuti Razaro auye kuzoisa mvura parurimi rwake. Kushanduka kwemamiriro ezvinhu.

80 Zvino munocherechedza, paakati, "Baba Abrahama," zvino, akanga achiri kurangarira kuti Abrahama ndiye aiva baba wemaJudha. Akati, "Baba Abrahama, tumirai mupemhi uya Razaro zasi kuno nemvura shoma paminwe yake, yokuisa pamiromo yangu. Mirazvu iyi yemoto iri kunditambudza."

81 Zvino akati. . . zvino Abrahama akati, "Izvi, handikwanise kuzviita," nemamwe mashoko akawanda. "Uye kunze kwaizvozvi zvose, unoona, wakava nemukana wako muhupenyu."

82 Akava nawo papi pacho? Paya Jesu paakati, "Nditevere." Asi akauramba. Akaenda nenzira yaaigona kuita nayo mari. Uye izvozvo zvakanaka, hapana chakaipa nokuita mari, asi tevera Jesu paunenge uchizviita. Maona? Zvino akanga aenda neimwe nzira, pamwe nemhomho.

83 Zvino munoona kuti, akati, uye Abrahama akati, "Uye kunze kwezvose izvi, pane mukaha pakati pako naye, usina ati ambouyambuka, uye hapana achagona kuzviita. Avo vari ikoko havakwanise kuuya kuno, uye ava vari kuno havakwanise kuenda ikoko. Zvakatorongwa kudaro. Hapana munhu ati amboyambuka kana achayambuka."

84 Zvino chimunzwai. Ave kuda kuva muvhangeri zvino. Kudanwa kuya uko Jesu akanga amupa, kuti—kuti aMutevere, kwakange kuri, kwekuti awane mweya, semujaya, kwakadzoka kwaari zvakare. Akazvirangarira, kuti akanga aine vanun'una vashanu, mhiri panyika, uye akanga asingade kuti vange vari kunzvimbo iyoyi.

85 Akati, "Tumai Razaro, zvino, adzokere kunoudza vanun'una vangu kuti vasauye kuno." Nemamwe mashoko, "Gamuchirai kudana kunoti, 'Nditeverei.'" Maona?

Asi akati, "Ivo, havazviiti."

86 Akati, "Hongu, kana mumwe akamuka kubva kuvakafa, saRazaro, odzokera kunovaudza."

87 Muri kuona, zvinoratidza kuti, mushure mokunge tafa, unenge uchiri kuziva. Akarangarira. Abrahama akati, "Mwanangu, rangarira, mumazuva ako." Maona? Uchiri kurangarira. Haurasikirwe nendangariro yako. Unorangarira.

88 Uye ndangariro idzo murume uyu akagona kuve nadzo, uye nepanzvimbo imwe chete, akarangarira mukana waakava nawo wekunzwa Jesu achiti, "Nditevere." Asi akatevera munhu asiri iye, boka risiri iro. Akapinda muboka revanhu vasiri ivo, ndokuenda kunzvimbo isiri iyo, ndokuguma ave munaZiendanakuenda risiri iro; paachazoparadzwa zvachose neZuva iroro, kubva kunaMwari nokusingaperi.

89 Jesu akataurawo zvakare shoko guru rinoshamisa, "'Kunyange mumwe akamuka kubva kuvakafa obva adzokera, zvakadaro havambobvumi. Nokuti, vane murairo waMosesi, uye kana vakasanzwa izvozvo, zvadaro havazonzwi kunyange mumwe akamuka kubva kuvakafa. Havambobvumi.'"

90 Sei? Sei? Murairo wakataura here zvimwe zvakadaro? Hongu. "Itira vamwe zvaunoda kuti vakuitirewo." Uye akanga ararama pasi pemurairo. Asi akarega mupemhi achifira pagedhi. Maona? Aiva—aiva ararama pasi pemirairo yaMwari, asi zvakadaro akatadza kuona Hupenyu Husingaperi hukuru.

91 Vadiki, imi, mumwe nomumwe, munoita sevangu. Imi, mumwe nomumwe, munoita sezvakangoita vanakomana nevanasikana vangu. Neimwe nzira, ndizvo zvamuri, muri kuona, tichitaura pamweya. Ndizvo chaizvo. Ishe Mwari vaka—vakaisa mweya yenyu kuti ndiitarire, nokuti munouya, muchinditeerera. Munonditenda. Maona? Uye nemamwe maonero eshoko, muri vanakomana nevanasikana vangu. Ndizvo chaizvo.

92 Nguva dzose rangarirai, kuchengeta mirairo yaMwari chinhu chikuru. Kurerwa muimba yakanaka inhaka inobva kunaMwari. Uye kuve vana vakanaka vane hunhu hwakanaka sehwamuinhahwo, zvakanaka. Zvakaisvonaka, kuva nedzidzo. Zvakaisvonaka kunyange kugara munyika ino yakasununguka. Tine zvinhu zvakawanda zvekuti titende.

93 Asi pane chinhu chimwe chete chausingakwanise kungoerekana wava nacho. Unofanira kuChigamuchira. Ndihwo Hupenyu Husingaperi. Zvino unongozviita bedzi nokutevera Jesu, nechiitiko chekuzvarwa patsva. Usazvishaira hanyn'a izvozvo.

94 Kamwe kanyaya kaduku kandakambonzwa, kemumwe murume uyo akanga, o, akanga ari murombo. Uye a—aigara achida . . . Kanongori kangano kaduku, hako. Kagara nguva dzose kari mandiri, zvakadaro. Zvino rimwe zuva akanhonga ruva. Zvino ruva iri raiita mapipi, zvino ruva rakamupindura, ndokuti, "Wanga uri murombo hupenyu hwako hwese." Rikati, "Zvino chikumbira chose chaunoda, uye uchachipiwa."

95 Akati, "Iro gomo riri uko ngarizaruke, uye ndigokwanisa kupinda mariri ndigowana ndarama mugomo iri."

96 "Zvakanaka," rikati, "unofanira kenda neni kwese kwaunoenda. Maona? Unofanira kuenda neni. Saka, kwese kwandinenge ndiri, zvino unokwanisa kukumbira chose chaunoda."

97 Akaenda kugomo, zvino gomo ndokuzaruka, iye ndokupinda mukati. Masherufu akanga akazara nendarama nemangoda, sokufamba kunoita kanyaya aka. Akagadzika pasi ruva iri pasi pa—patafura kana padombo. Zvino akamhanya, ndokunotora zingoda guru kwazvo, zvino ndokuti, "Ndinofanira kuenda

kunoriratidza shamwari dzangu. Uye zvino ndave munhu akapfuma. Ndave nezvose zvino. Ndinofanira kunoriratidza."

98 Zvino ruva rakataura, "Asika," ndokuti, "wakanganwa chinhu chikuru chine basa."

99 Saka akamhanya achidzokera ndokutora, ndokuti, "Zvakanaka, kuda ndi—ndichatora chimedu chendarama. Ndichatora chimedu chesirivheri." Saka zvino akati, "Ndi—ndichamhanyira panze, kuti ndinoudza vanhu kuti ndakapfuma zvakadini, uye nezvose zvandave nazvo zvino."

100 Zvino akasvika pamukova, ruva ndokuti, "Asika wasiya chinhu chikuru chine basa."

101 Saka akamhanya achidzokera zvakare. Akati, "Imo muno tinowana zvinhu zvakasiyana-siyana." Saka, akanhonga dombo. Akati, "Ndichaenda, ndotora dombo iri ndoratidza vanhu kuti gomo rino rakagadzirwa nedombo rakaita sei, kuitira kuti ndigowana nzira yangu yekudzoka kwariri." Maona?

102 Zvino akatanga kuenda kumusiwo, zvino ruva ndokuti, kechi . . . kekupedzisira kwaro, "Wakanganwa chinhu chikuru chine basa."

"O," iye ndokuti, "o, nyarara."

103 Munoona, akanga asisade kurinzwa zvakare, "Wakanganwa chinhu chikuru chine basa," zvino akamhanya achibuda nepamukova. Zvino paakadaro, mukova wakavharika shure kwake, ruva riya riri mukati. Chinhu chikuru chaive nebasa raiva ruva. Maona? Chinhu chikuru chaive nebasa raiva ruva riya.

104 Makore akapfuura, ndiri mwana muduku, sezvamuri imi mose, pane, purazi remombe kumusoro kuno, kumusoro kwePhoenix. Ndakanga ndiri kuverenga chimwe chidimbu, chezvekutsvakwa kwezvicherwa, rimwe bepa pamusoro pemunhu anotsvaga zvicherwa. Ipapo, kwakanga kusina nzira dzinopfuura nemuno, twaingova tunzira twemujecha. Vachiri kuita basa rakawanda rekutsvaka zvicherwa zvakakosha imo muno, munoziva.

105 Asi mutsvaki uyu akanga auya, ndokuwana mari yakawanda, zvino ndokuwana ndarama yakawanda. Zvino munzira yake odzoka, akagara mune kamwe kaimba kaakawana. Zvino akanga aine imbwa yaaive nayo, zvino, i—imbwa, yakasungirirwa panze. Zvino usiku uhu, kwakanga kuine rimwe gororo rakanga riri kumutevera, kuti ritore ndarama yake. Akanga aiwana mune mimwe migodhi yakare yemaSpanish, zvino akanga ave kudzoka nayo. Zvino imbwa yakatanga kuhukura.

106 Zvino murume uyu akanga asingade kunetswa nembwa iyi. Akati, "Nyarara." Iye ndokuti, "Mangwana, ndichaenda nayo, mu—muguta." Uye ndicha . . . Zvidzidzo zvenyaya yacho

zvaive zvokuti. "Uye ndichanoita kuti igoyerwa pachikero, zvino ndichange ndava mupfumi. Zvino ndichatenga motokari huru. Uye ndichava nemadzimai akasiyana-siyana pamwe nemapati makuru. Uye ndichange ndave mupfumi, nokuti ndakatowana zvicherwa zvakakosha. Ndine ndarama yacho pano, yakawanda." Uye ndokuti, "Ndicha . . . "

107 Zvino paakanga ari kuedza kuti achikotsira, imbwa yakaramba ichihukura, nokuti imbwa yakanga yaona gororo riya richiuya, richinyahwaira, rakamirira kuti mutsvaki wezvicherwa uyu akotsire.

108 Akamuka zvakare, ndokudanidzira kuimbwa zvakare, ndokuti, "Nyarara." Zvino imbwa inonzwisa urombo yakachema ndokuedza kuyambira tenzi wayo kuti njonzi yakange yasvika—yasvika. Zvino paaka . . .

109 Nguva yakatevera, imbwa payakatanga kuhukura, mutsvaki wezvicherwa uyu akanga aine chifefe. Akanga asiri kuda zvekunetswa, saka akamuka ndokupfura imbwa. Zvino mutsvaki wezvicherwa uyu akauraiwa manheru iwayo, negororo riya. Zvino zviroto zvake zvose zvaiyevedza zvakashaya basa. Sei? Akanyararidza inzwi rakanga riri kumuyambira.

110 Hapana munhu anoedza kuita chimwe chinhu, imi vana, angaedza kuita chinhu chakaipa, mushure mokunge makudzwa nemakudzirwo amakaitwa, kunze kwekuti unonzwa chimwe chinhu chichikuudza kuti usazviite. Zvino, usambofa wakanyararidza inzwi irori riri kukuyambira.

111 Uye nguva dzose rangarira, gamuchira Inzwi riya rakati, "Nditevere," uye nguva dzose unobuda zvakanaka. Ndinotenda kuti muchazviita. Ndine ruvimbo nemi. Asi ingorangarirai nguva dzose kuti Jesu, Inzwi riya, ibenyu munyika manheru ano.

112 Ndizvo zvimwe chete, seinzwi rose neshoko rose ratakataura richiri benyu, apo inzwi iri parinoenda pamasaisai eether emhepo. Iwo . . . Munoona, une nhepfenyuro pano inoritumidzira kunze. Iwe ndiwe nhepfenyuro inoritumidzira kunze. Zvino zvinotora chiteshe kuti chirinhonge.

113 Zvino Jesu ndiye akanga ari Nhepfenyuro yeShoko raMwari, nokuti ndiYe akanga ari—ari hutatu hwaMwari huchiratidzwa muMunhu mumwe chete. Akanga ari Mwari azere neMunhu azere.

114 Zvino hutatu hwaMwari, hutatu hwehunhu hwaMwari, hwekuva Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, hwakanga hwakamiririrwa muMunhu mumwe chete iyeye, Jesu Kristu. Saka, ipapo, Aiva Shoko.

115 NdiYe akanga ari Nhepfenyuro yakati, "Uyo anonzwa Manzwi aNgu, nokutenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi." Maona? "Zvirokwazvo Ndinoti kwamuri, uyo anonzwa Manzwi aNgu, nokutenda kune Uyo akaNdituma, ane

Hupenyu Husingaperi." Zvino, Shoko iri rakabuda richibva muNhepfenyuro. Akati, rimwe zuva, "Zviro kwazvo ndinoti kwamuri, kana ukati kugomo iri, 'Ibva,' zvino worega kupokana mumoyo mako, asi uchitenda kuti zvawataura zvichaitika, unogona kuwana zvawataura."

116 Zvino, kana ukangova chiteshi chokuZvinhonga, nekuda kwerimwe simba riri mauri, nokutenda, zvinonyatsokupinza chaimo mumafambiro aMwari, kusvika paKuberekwa patsva, wozvarwa patsva. Zvadaro unozogara wakabatana, nokunzwa Inzwi riya richagara nguva dzose richikuyambira kana njodzi yave pedyo. Kana zvinhu zvakakanganisika, zviri kuipa, Richagara riri yambiro kwauri. Uye zvino, pachinzvimbo chokuti rimwe zuva unge wakaita sejaya mupfumi uyu watiri kutaura nezvake; iva semurume akafanana nemuapostora Petro, Pauro, kana mumwe munhu akawanira mweya kunaJesu Kristu. Imi zviitei izvozvo, vana.

Tinganamate?

117 Ishe Jesu! Vechidiki, varume nemadzimai eramangwana, kana paine ramangwana. Tinofanira kuvadzidzisa, Ishe. Tinonzwa mutoro wacho, wekuvadzidzisa sokunge ramangwana riripo. Kana kusina, zvino nhasi ndiro zuva racho.

118 Uyezve, Baba, tinoziva kuti hapana anogamuchirwa pamberi peNyu. Hapana nyama inogona kuwana mbiri. Hapana dzidzo, kunyange hazvo zvinhu izvi zvichigona kunge zvakanaka, hapana mabasa akanaka, hapana chikoro chekunamata, hapana zvokushandisa njere, hapana chinhu chinogona kuratidza Mwari kunze kweMweya Mutsvene. Iye ndiye Mudziyo, Mwari pachaKe, muchimiro cheHupenyu Husingaperi, hunogona kuuya kwatiri sedungamunhu. Zvino tinotenda nokuda kwaizvozvi.

119 Zvirokwazvo zvinoratidzwa apo Petro akapupura. Jesu akati kwaari, "Nyama neropa hazvina kuzvizarura kwauri. Hauna kumbozvidzidza kuchikoro chebhaibheri. Hauna kuzvidzidza kune chero hacho chikoro." Chinhu chinoitika kumunhu iye oga, chimwe chinhu icho munhu wese anofanira kugamuchira. Makati, "Paibwe iri Ndichavakira kereke yaNgu, uye masuwo ehadhesi haazokwanisi kuikunda." Tinotenda nokuda kwazvo, Ishe.

120 Inzwi irori richiri benyu manheru ano. Uye kuchine nzvimbo, nzvimbo dzekunze, nzvimbo dzekuteerera, nzvimbo dzekugamuchira, dzekutenda, kunogona kuZvigamuchira. Tinonamata kuti mumwe nomumwe wevana ava achaZvigamuchira, Ishe, mumoyo yavo. Uye kurangarira kuti, kwete zvavanoita kuti vange vakanaka, asi ivo... Mwari havatitonge nezvatinoita, asi nezvatakagamuchira. Tinoponeswa nokutenda kwedu, kwete nemabasa edu. Nokudaro tinonamata, Baba voKudenga, kuti vachabata

chiratidzo zvino, vagoona nokunzwa kokero huru iyi yeKusingaperi, yokuti "Uya, uNditevere."

121 Dai mumwe nomumwe wavo, Ishe, atsauka achibva kuzvinhu zvose zvenyika, hupenyu hunofa, huri mamvemve. Sezvavari pano manheru ano, nevhudzi ravo reruvara rwakachenuruka sendarama, nevamwe vavo vaine vhudzi ravo dema, nemeso matema, nemaziso eblue, vagere pakunakisisa kwavo uko kwavachazogara vari.

122 Uye semunyori mukuru akati, "Rangarira Musiki wako mumazuva ehujaya hwako, apo mazuva akaipa akanga asingaswederi. Zvino hauchawani mufaro maari." Kuti, Ishe Jesu, Makati kuna Petro, "Pawakanga uri muduku, waisimuka uchienda kwese kwawaida. Asi kana uchinge wakura, mumwe munhu anokutakura oenda newe kwausingade kuenda." Itai kuti varangarire, "Iye zvino ndiro zuva racho. Ino ndiyo nguva yacho." Zviitei, Baba.

123 Ndinovakumbirira mumwe nomumwe wavo, kukumbirira mwana wangu, pano manheru ano, kumwana wese ari muno. Ndinonzwa kuti Mazviisa mumawoko angu, kuti ndivatarire. Ndinovakumbirira vose, kubva kunaSatani pamwe nekubva kurufu, kuenda kuHupenyu munaJesu Kristu. Ameni.

124 Ropafadzwai, vana. Zvanga zvakaisvonaka kutaura mashoko mashoma kwamuri. Zvino ndave kudzokera, Billy. Vana vakanaka, ndinokukoshesai. Hama Fred, Ishe vakuropafadzei. Ishe vakuropafadzei, hanzvadzi.

UYA, UNDITEVERE SHO63-0601
(Come, Follow Me)

Mharidzo iyi naHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Mugovera manheru, 1 Chikumi, 1963, paMusangano weMumba muTucson, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org